yamaleleen seen sàppe yi, ndax yamale sàppe yi daa bokk ci matug julli gi

Jële na ñu ci Anas Ibn Maalik -yal na ko Yàlla dollee gërëm- mu wax ne Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- nee na: "yamaleleen seen sàppe yi, ndax yamale sàppe yi daa bokk ci matug julli gi"

[Wér na] [Al-buxaariy ak Muslim dëppoo nañu ci génnee ko ci seen ñaari téere yi gën a wér]

Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- day digal jullikat yi ñu yamale seen sàppe yi, te kenn bañ a jiitu kenn mbaa mu koy mujj, ak ne yamale sàppe yi daa bokk ci matug julli gi, waaye dëngug sàppe ayib la ci julli gi ag wàññiku la ca.

http://sunnah.global/hadeeth/wo/show/3031